



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSTRIKSYON YO ELAJI POU VIZIT NAN MEZON RETRÈT YO

*Vizit yo anba direktiv ki elaji a kapab kòmanse nan dat 26 fevriye an akò avèk enstriksyon CMS ak CDC yo*

*Depatman Sante a rekòmande vivman pou vizitè nan mezon retrèt yo fè yon tès rapid avan yo antre; DOH la ap bay tès rapid pou mezon retrèt yo san peye*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo enstriksyon, ki elaji pou vizit rezidan nan etablisman mezon retrèt yo avèk Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) yo ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ap kòmanse nan dat 26 fevriye. Depatman Sante (Department of Health, DOH) a rekòmande ke vizitè yo fè yon tès rapid avan yo antre nan etablisman an, epi DOH la ap bay tès rapid pou mezon retrèt yo pou fasilite kapasite yo pou teste vizitè yo sou plas epi san peye. Vizit yo kontinye depann de kondisyon ke etablisman mezon retrèt la pa gen ka COVID-19 pandan 14 jou epi ke etablisman an pap reyalize aktyèlman tès pou epidemi.

"Youn nan aspè ki pi devastan nan viris sa se te fason fanmi yo te separe ak pwòch yo, ki fè yon sitiyoasyon ki te deja difisil vin pi di pou sipòte toujou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gras ak devouman Nouyòkè yo, nou nan yon pwen kounye a kote nou ka kòmanse elaji vizit nan mezon retrèt yo anba enstriksyon estrik pou pwoteje sante ak sekirite rezidan yo."

Pou konte ki genyen to pozitivite ant 5-10 pousan nan yon wotasyon mwayèn sou 7 jou, tès pou vizitè yo obligatwa epi vizitè yo dwe oswa prezante yon tès COVID-19 ki negatif, oswa PCR oswa rapid, nan yon peryòd 72 èdtan oswa etablisman yo gendwa itilize tès rapid pou satisfè egzijans lan. Pou konte yo ki genyen pousantaj pozitivite COVID-19 ki anba 5 pousan nan yon wotasyon mwayèn sou 7 jou, yo ankouraje vivman tès pou vizitè yo epi yo gendwa itilize tès rapid. Kòm lòt opsyon, vizitè yo gendwa bay prèv yon vaksinasyon kont COVID-19 yo te konplete pa mwens pase 14 jou ak dat vizit la epi pa plis pase 90 jou avan vizit la. Yo pap pèmèt vizit la si pousantaj pozitivite pou COVID-19 konte a pi plis pase dis pousan. Yo toujou pèmèt vizit swen konpasyon yo.

Baze sou bezwen rezidan yo ak estrikti etablisman an, vizit yo kapab reyalize nan chanm rezidan yo, espas vizit ki konsakre pou sa ak espas deyò yo. Kantite vizitè nan mezon retrèt yo pa dwe depase 20 pousan nan resansman rezidan an kèlkeswa

moman an epi kantite vizitè yo ak tan yo akòde pou vizit yo pa ta dwe konsidere nan limit kapasite sa a.

Ou kapab jwenn tout direktiv DOH la pou vizit mezon retrèt yo [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)